



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU AMELYORE EKSPERYANS
PASYAN KI NAN SANT NESANS FANM SAJ LA**

***Lejislasyyon S.1414A/A.259 la rasyonnalize Pwosesis Lisans pou Sant Nesans
Fanm Saj ki Akredite yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse lejislasyon S.1414A/A.259 ki asire règlemantasyon ki gouvènè otorizasyon, etablisman, ak operasyon sant nesans fanm saj (midwifery birth centers) konfòmeman ak Lwa sou Pratik Fanm Saj la (Midwifery Practice Act) oswa règ òganis akreditasyon nasyonal yo ki espesyalize nan sant nesans fanm saj yo.

"Sila yo k ap bay nesans yo dwe kapab chwazi kad ki pi bon pou yo pou fè sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan twò lontan, sant fanm saj yo te fè fas ak obstak ki depase sou wout yo pou ouvri, ki kreye yon mank grav nan pratik sa yo nan tout eta a. Mwen fyè pou siyen lejislasyon pou retire baryè sa yo epi bay Nouyòk k ap akeyi timoun yo nan monn sa divès opsyon pou kote y ap akouche."

Lejislasyon S.1414A/A.259 ap bay yon pwosesis ki rasyonnalize pou yon sètifika operasyon kòm yon etablisman Atik 28 pou yon sant nesans fanm saj ki akredite pa yon òganizasyon akreditasyon.

Senatè Gustavo Rivera te deklare, "Lè nou rasyonnalite pwosesis sant nesans yo tabli epi fonksyone nan New York, n ap travay aktivman pou ranvèse kriz mòtalite matènèl devastan an nan Eta nou an. Se responsablite nou pou asire ke fanm ansent yo, patikilyèman fanm koulè ki fè fas ak disparite sante enpòtan ak rasis medikal pur istorikman yo, resevwa swen matènèl pwofesyonèl ak nan tout sekirite ke yo merite. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa enpòtan sa epi mwen kwè fèm ke sant fanm saj sa yo ap pèmèt fanm yo bay nesans ak diyite."

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, "Fanm saj se yon pwofesyon ki byen etabli nan New York, ak yon rekò siksè. Sant nesans fanm saj yo dirije yo fè pwomosyon nesans byennèt nan yon anviwònman ki bay sipò. Rechèch yo montre etablisman sa yo gen mwens enfliyans doulè, dosye sekirite eksepsyonèl, ak rezilta lyen paran ki reyisi. Pwojè lwa sa ap amelyore aksè nan etablisman sa yo nan yon anviwònman ki reglemante nan fason ki apwopriye. Mwen felisite defansè fanm saj yo, Gouvènè Hochul, Senatè Gustavo Rivera ki pwopoze pwojè lwa a, ak Manm Asanble Carl Heastie pou travay yo pou fè pwojè lwa sa tounen lwa."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)